


27 Me 2020

SIJÈ: 4 Jen: Byenveni nan CPS - Sesyon Enfòmasyon

Chè fanmi:

Mèsi paske w chwazi Lekòl Piblik Cambridge pou pitit ou! Nou pa kapab rete tann pou nou fè konesans avèk ou. Pou akeyi fanmi ou ak pitit ou nan kominote nou an, lekòl ou a ap òganize yon sesyon enfòmasyon Vityèl 4 Jen. Gade nan lis ki anba a pou enskri epi soumèt kesyon pou ekip la reponn. Apre ou enskri, nou pral patajé enfòmasyon ki jan pou antré nan sesyon an oswa rele sou liy telefòn, enfòmasyon gen ladan ki jan wap jwen tradiksyon nan lang lakay ou.



[Amigos School](#), 4 Jen, 1 - 2 pm

[Baldwin](#), 4 Jen, 7 - 8 pm

[Cambridgeport](#), 4 Jen, 1 - 2 pm

[Dr. Martin Luther King, Jr.](#), 4 Jen, 4 - 5 pm

[Fletcher Maynard Academy](#), 4 Jen, 4 - 5 pm

[Graham & Parks](#), 4 Jen, 7 - 8 pm

[Haggerty](#), 4 Jen, 4 - 5 pm

[Kennedy-Longfellow School](#), 4 Jen, 1 - 2 pm

[King Open](#), 4 Jen, 1 - 2 pm

[Morse School](#), 4 Jen, 4 - 5 pm

[Peabody](#), 4 Jen, 1 - 2 pm

[Tobin Montessori](#), 4 Jen, 4 - 5 pm

Kòmansé nan lekòl piblik se yon etap enpòtan e enteresan nan lavi yon jenn timoun. Nou konnen li dwe difisil pou reflechi sou fason pou ede pitit ou a prepare, sitou nan kontèks aktyèl la. Menm si bilding lekòl yo fèmen, aprantisaj ak koneksyon ap kontinye nan CPS.

Pwobableman ou gen kesyon sou ki jan lekòl yo pral fonksione lè moman danje a pasé pou bilding lekòl yo kapab ouvri. Pandan nou pa gen tout spesifik yo nan ki jan lekòl nou you yo pral sanble nan sezon Otòn la, planifikasyon ap fèt. Nou pral kontinye kenbe kominote a enfòme sou wout la. Min kèk plan kle:

- **Sante ak Sekirite:** Nou nan kominikasyon konstan avèk ofisyèl ki gen chaj nan eta a, sante, leta ak lokal yo e ofisyèl edikasyon yo ki gen pou bay dènye enfòmasyon ak konsèy pou kenbe lekòl yo ak kominote yo an sekirite. Nou pral kontinye pran prekosyon ak atansyon nan desizyon nou yo pandan nap planifye pou relouvri lekòl la.

- **Gade pi Devan:** CPS ap planifye pou anpil chanjman posib nan fason lekòl yo pral operé pou ane pwochen lekòl la. Gen anpil chanjman ki pral vini, tankou orè chak jou yo, kalandreye a, wout otobis yo, ak pwogram repa lekòl, e plan teknoloji.
- **Kominikasyon avèk ou:** Lekòl nou an pral kontakte ou nan ou ti moman epi ou pral kòmanse resvwa bilten lekòl ak distri a pandan ete a. Pral gen fòm pou ranpli, pwofesè yo gen pou prezante lèt yo lè nou preske rive nan premye jou lekòl la. Pandan chanjman yo ap vini, nou pral eseye kenbe tout supriz nan yon minimòm konsa ou va santi ke ou gen konfyans pandan ou ap prepare pou premye jou pitit ou ajou tou nan www.cpsd.us epi vizite Find It! Cambridge pou plis resous.

Malgre tout ensètitud yo, nou konnen ke pwofesè pitit ou yo prè pou rekontré yo avan lontan. Nou swété ke nou te ka anonse aktivité espesifik pou vizite lekòl la oswa pou lòt timoun ak fanmi yo, men desizyon sa yo pral depann de kijan ijans sante aktyèl la ap deplwaye. Kèlkeswa fòm yo pran, n ap fè tout sa nou kapab pou nou asiré w ke ou santi w byen akeyi.

Nou kontan anpil paske pitit ou a ak fanmi ou pral rantre nan kominote CPS la nan Ane lekòl kap vini an. Nap fè tout posib nou pou swen tèt nou e youn lòt-- e nou espere ke ou ap fè menm bagay la tou. Mwen espere rekonèt ou byento.

Sensèman,
Kenneth N. Salim, Ed.D.
Sipèentandan lekòl yo